

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Kasang tukang dina ieu panalungtikan nyaéta ayana pasualan anu nyampak dina karya sastra. Nilik kana ulikan féminisme anu nyangkaruk dina roman, ulikan féminisme dina ieu panalungtikan téh ngeunaan pasualan idéologina, pangna mah pasualan citra wanoja. Dina maluruh citra wanoja tangtu kudu maham kana struktur pangwangun carita, ku kituna ieu panalungtikan ogé medar struktur caritana. Hal-hal anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan (1) struktur carita dina roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi, (2) citra diri wanoja kayaning citra fisik jeung citra psikis, jeung (3) citra sosial kayaning citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat. Tiori anu digunakeun nyaéta tiori struktur carita Robert Stanton, kitu deui tiori féminis idéologi ngeunaan citra wanoja anu dipasing-pasing ku Sugihastuti nilik kana sababaraha aspék. Métonde anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta metode déskriptif analitik anu ngadéskripsikeun pasualan-pasualan dina sumber data panalungtikan. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi.

Struktur dina roman pondok *Pileuleuyan* ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), sarana sastra (judul jeung puseur implengan). Palaku wanoja anu ngagambarkeun citra diri nu ngawungku citra fisik wanoja jeung citra psikis wanoja. Dina hirup kumbuh jeung lingkungan sabudeureunana kapaluruh ayana citra sosial anu ngawengku citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat.

**Téma** dina ieu roman nyaéta *percintaan*, nyaritakeun hiji wanoja anu ngalaman pasualan dina hirupna nyaéta pasualan nangtukeun kaputusan. Kaputusan naha daék dicandung atawa megatkeun hubunganana. Anu ahirna manéhna bisa nangtukeun kaputusan anu wijaksana. **Galur** anu digunakeun ku pangarang nyaéta galur campuran atawa bulak-balik. Pangarang ngagambarkeun kajadian anu nyawang katukang atawa ngimpleng tuluy balik deui kana kajadian mimiti. Anapon **palaku** anu kapaluruh jumlahna aya 13 palaku. Aya dua palaku utama nyaéta Lili jeung Ibu Siti sarta 11 palaku tambahan nyaéta Indung Lili,

Bapa Lili, Ibu Éni, Létnan Arif, Néng Ati, Koswara, Pa Hasan, Subandi, Pa Imam, Pa Umang, jeung Somantri. **Latar** anu kapaluruh dina ieu roman nyaéta latar tempat, latar waktu jeung latar sosial. Latar tempat anu kapanggih jumlahna aya 9 latar, latar waktu anu jumlahna aya 8 latar sarta latar sosial anu kagambar dina kasang tukang unggal palakuna nyaéta jalma anu nyangking atikan, masarakat kelas handap, masarakat kelas luhur, ékonomi jeung sosial-budaya. Judul dina ieu roman saluyujeung eusi caritana sarta méré harti anu sabenerna nyaéta nyaritakeun pipisahan. Anapon puseur sawangan dina ieu roman, pangarang ngagunakeun puseur sawangan jalma katilu teu kawatesan.

Citra diri wanoja dina ieu roman ngawengku citra fisik jeung citra psikis. Citra fisik palaku wanoja ngagambarkeun wanoja anu sampurna jeung awét ngora. Éta hal anu jadi pasualan wanoja dina ieu roman, lantaran palaku wanoja anu geulis teu hadé nasibna dina perkara meunangkeun jodo. Anapon citra psikis palaku wanoja anu kapaluruh jumlahna aya 20 psikis. Tina sawatara psikis bisa dicindekkeun dina ieu roman ngagambarkeun wanoja anu panceg dina nangtukeun kaputusanana.

Dina hirup kumbuh jeung lingkungan sabudeureunana, kapaluruh ayana citra sosial anu ngawengku citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat. Kapaluruh citra wanoja di kulawarga anu positif, ngagambarkeun wanoja anu getol jeung tanggung jawab. Anapon citra sosial di masarakat anu kagambarkeun nyaéta citra wanoja anu ditarima ku masarakat jeung peran wanoja anu méré kontribusi salaku guru.

## 5.2 Implikasi

Implikasi ieu panalungtikan anu medar hasil analisis struktur jeung féminis idéologis anu museur kana citra wanoja dina roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi, nyaéta dipiharep bisa ngaronjatkeun panalungtikan sastra, hususna dina kritis féminis idéologis (citra wanoja). Tétéla masih kénéh loba hal anu kudu diguar dina panalungtikan ngabahas citra wanoja dina karya sastra sacara gembheng. Ku kituna, pikeun mahasiswa ieu panalungtikan téh dipiharep bisa dijadikeun référénsi panalungtikan sastra hususna citra wanoja dina karya sastra.

### 5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara rékoméndasi anu ditepikeun panyusun, pikeun kajembaran panalungtikan sastra nyaéta

- 1) Perlu ayana panalungtikan sastra, ku kituna panalungtik dipiharep leuwih nyuksruk jero kana panalungtikan sastra hususna ngeunaan féminisme.
- 2) Ambahan tiori féminis anu kawilang jembar, ku kituna panalungtik sastra bisa leuwih ngaéksplor deui tiori féminis hususna citra wanoja dina karya sastra.
- 3) Perlu ayana panalungtikan kaharepna, lantaran ieu panalungtikan mangrupa bagian leutik tina ambahan panalungtikan sastra anu jembar. Ku kituna pikeun panalungtik sastra satuluyna dipiharep bisa ngagunakeun tiori séjén pikeun ngajembarkeun ulikan ngeunaan sastra.
- 4) Dipiharep masarakat umum bisa gawé bareng dina ngaronjatkeun budaya literasi.